

# Enfòmasyon enpòtan sou matematik pou Klas 4yèm Ane



## *Miltiplikasyon e Divizyon Gwo Nonb avèk Panse Aljebrik*

Chè Fanmi,


Klas nou an ap kòmanse yon denye inite detid nan matematik anvan nou retounen revize materyèl klas 4yèm ane yo. Inite a se Miltiplikasyon e Divizyon Gwo Nonb avèk Panse Aljebrik. Premye inite detid la konsantre sou rezoud pwoblèm miltiplikasyon ak divizyon gwo nonb epi pataje yon varyete estrateji sou solisyon. Nan denye inite a, elèv aprann sou sitiyasyon ki genyen rapò avèk chanjman e kòman pou dekri e reprezante chanjman matematikman. Objektif enstriktif espesifik pitit ou a pral travay sou li a nan lis anba avèk egzanp ki montre konpreyansyon elèv yo nan chak objektif enstriktif.

<b>Objektif Enstriktif:</b> Miltipliye yon nonb jiska kat chif pa yon nonb a yon-chif e de nonb a de-chif, itilize divès estrateji efikas epi eseye ilistre e eksplike kalkilasyon ou kote ou pral itilize tablo, modèl, ak ekwasyon.	
<b>Egzanp sou Pwoblèm</b>	<b>Egzanp sou Solisyon Elèv</b>
<p>Cassidy ap fè kòmann sandwich pou yon fèt li pral fè. Li fè kòmann 15 plato; chak plato genyen 24 sandwich. Konbyen sandwich Cassidy kòmande ?</p>	<div style="display: flex; align-items: flex-start;"> <div style="margin-right: 20px;"> <math display="block">  \begin{array}{r}  15 \\  \times 24 \\  \hline  20 \\  40 \\  100 \\  + 200 \\  \hline  360  \end{array}  </math> </div> <div style="margin-right: 20px;"> <p>4 inite x 5 inite 4 inite x 1 dizyèm 2 dizyèm x 5 inite 2 dizyèm x 1</p> </div> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content;"> <p>Mwen konnen ke mwen kapab miltipliye 10 pa chak chif nan 24, epi miltipliye 5 pa chak chif 24 pou jwenn pwodui pasyèl yo. Answit mwen adisyone pwodui yo</p> </div> </div> <p style="margin-top: 20px;">Cassidy ap fè kòmann 360 sandwich.</p>
<b>Objektif Enstriktif:</b> Chèche kosyan avèk rès lè yo divize jiska kat chif dividann ak yon chif divizè, itilize divès estrateji efikas epi kapab ilistre e eksplike kalkilasyon kote ou kapab itilize tablo, modèl, ak ekwasyon.	
<b>Egzanp Pwoblèm</b>	<b>Egzanp sou Solisyon Elèv</b>
<p>Doogie’s Game Hut genyen 236 jwèt pou divize egalman pami 8 piñatas. Konbyen jwèt ki prale nan chak piñata?</p>	<div style="display: flex; align-items: flex-start;"> <div style="margin-right: 20px;"> <p style="text-align: center;">?</p> <div style="border: 1px solid black; padding: 10px; width: 150px; height: 60px; display: flex; align-items: center; justify-content: center;"> <span style="font-size: 2em;">236</span> </div> </div> <div style="margin-right: 20px;"> <p style="text-align: center;">20 + 8 = 28 r 6</p> <div style="display: flex; align-items: center;"> <div style="margin-right: 10px;"> <math display="block">  \begin{array}{r}  236 \\  - 160 \\  \hline  70  \end{array}  </math> </div> <div style="margin-right: 10px;"> <math display="block">  \begin{array}{r}  70 \\  - 64 \\  \hline  6  \end{array}  </math> </div> </div> </div> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content;"> <p>Mwen konnen ke m kapab itilize pwodui pasyèl pou jwenn repons pwoblèm divizyon an. 8 x 20 se 160 epi se 70 ki rete. 8 x 8 se 64 epi se 6 ki rete.</p> </div> </div> <p style="margin-top: 20px;">28 jwèt prale nan chak piñata. Pral genyen 6 jwèt ki rete.</p>


**Objektif Enstriktif:** Chèche estimasyon ak repons reyèl pou pwoblèm milti-etap ki genyen rapò avèk kat operasyon epi eseye reprezante pwoblèm nan kote ou kapab itilize ekwasyon.

Egzanp Pwoblèm	Egzan sou Solisyon Elèv
<p>Brady avèk Ben te plante mayi nan jaden yo. Plant yo te mezire 40 pous de wotè an me. An jen, yo te grandi 3 pous. An jiyè, plant yo te grandi 2 fwa plis ke yo te grandi an jen. Ekri yon ekwasyon pou jwenn ki wotè plan mayi yo jodi a, itilize <math>p</math> pou reprezante kantite enkoni an.</p>	<div style="text-align: center;">  </div> <div style="text-align: center;">  <p>Mwen kapab itilize yon modèl ba pou reprezante aksyon nan pwoblèm nan. Answit mwen kapab dekonpoze aksyon nan pwoblèm nan pou l rezoud pi fasil!</p> </div> <p> <math>40 + 3 = 43</math>  <math>2 \times 3 = 6</math>  <math>43 + 6 = p</math>  <math>43 + 6 = 49</math> pous         </p> <p>Se 49 pous Plan mayi Brady avèk Ben yo ye.</p>


**Objektif Enstriktif:** Ekspresè dimansyon yon gwo inite an rapò ak yon ti inite e kapab rezoud pwoblèm sou dimansyon ki genyen rapò avèk kat operasyon yo.

Egzanp Pwoblèm	Egzan sou Solisyon Elèv
<p>Li te pran Stefano 7 minit 38 sekonn pou kouri yon mil. Li te pran Charlie 9 minit 13 sekonn pou kouri yon mil. Konbyen sekonn anplis li te pran Charlie pou kouri yon mil ke Stefano?</p>	<p> <i>tan Stefano se:</i>  <math>60 \times 7 + 38 = ?</math>  <math>420 + 38 = 458</math> </p> <p> <i>Tan Charlie se:</i>  <math>60 \times 9 + 13 = ?</math>  <math>540 + 13 = 553</math> </p> <p> <math>553 - 458 = 95</math> </p> <p>Li pran Charlie 95 sekonn anplis pou kouri yon mil ke Stefano.</p> <div style="text-align: center;">  <p>Mwen konnen gen 60 sekonn nan yon minit. Pou jwenn tan chak ti gason yo, mwen dwe multipliyè minit yo pa 60 e adisyone sekonn ekstra yo. Answit mwen kapab soustrè tan Charlie nan tan Stefano.</p> </div>

**Objektif Enstriktif:** Jenere modèl ki kapab swiv yon règleman epi kapab analize modèl yo.

Egzanp Pwoblèm	Egzanp sou Solisyon elèv										
<p>Premye nonb nan modèl la se 3. Règleman an se “miltipliye pa 2”. Ekri lòt 3 nonb nan modèl la.</p>	<table border="1" data-bbox="505 254 699 590"><tr><td>Nonb ki nan modèl la</td><td>X 2</td></tr><tr><td>3</td><td>X 2</td></tr><tr><td>6</td><td>X 2</td></tr><tr><td>12</td><td></td></tr><tr><td>24</td><td></td></tr></table> 	Nonb ki nan modèl la	X 2	3	X 2	6	X 2	12		24	
Nonb ki nan modèl la	X 2										
3	X 2										
6	X 2										
12											
24											

**Objektif Enstriktif:** Rezon sou nonb avèk operasyon pou detèmine si yon ekwasyon vrè oswa fo e pou detèmine eleman enkonni nan yon ekwasyon.

Egzanp Pwoblèm	Egzanp sou Solisyon elèv
<p>Ki nonb ki rann ekwasyon an vrè? <math>99 - \square = 89 - 19</math></p>	 <p><math>99 - \boxed{29} = 89 - 19</math></p>

**Panse Matematk ak Pratik sou Objektif Enstriktif:**

- Mwen kapab itilize nonb ak senbòl pou reprezante sityasyon an epi kapab eksplike kòman nonb ak senbòl genyen rapò avèk sityasyon an.
- Mwen pral kapab jistifye panse m epi m kapab kritike rezònman lòt moun.



**Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte pitit ou nan inite detid sayo:**

**Miltiplikasyon e Divizyon Gwo Nonb:**

- Panse sou kòman ou itilize miltiplikasyon ak divizyon nan lavi kotidyen ou. Mande pou pitit ou ede ou travay avèk pwoblèm yo.
- Ankouraje pitit ou eksplike estrateji li pou miltipliye e divize nonb.

**Panse Aljebrik:**

- Chèche nan journal avèk pitit ou sou yon prediksyon pou plizyè jou. Diskite chanjman tanperati nan prediksyon an. Eske tanperati a pral rete konstan? Eske l pral ogmante oswa redwi toudenkou? Prewa kisa ki pral pase aprè dènye jou nan prediksyon an. Dekri tandans tanperati a.